



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Transpò Piblik

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite transpò piblik nan tout eta a. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Transpò Piblik" pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè sèvis transpò piblik yo ak pasaje yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antite transpò piblik yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kenbe yon distans omwen 6 pye ant naplwaye operasyon yo (pa egzanp anplway ki pa fè fas ak piblik la), lè li posib e sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp fè mentans etablisman, veyikil la). Si li pa posib, yon kouvèti vizaj nesèsè. ✓ Entèdi itilizasyon ti espas (egzanp, asansè, veyikil) pa plis pase yon anplwaye alafwa, sof si tout anplwaye ki nan espas sa mete kouvèti vizaj. ✓ Limite reyinyon sou plas (pa egzanp rankont anplwaye, nan salpoz) nan limit ki posib. ✓ Mete an plas ase pratik pou kenbe distans sosyal ki adekwa nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, ak siyalizasyon ak sistèm (egz: siyalè lè l okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi ✓ Pati ekstèn yo (pa egzanp kontraktè, konsiltan) dwe adopte epi respekte menm pratik COVID ak operatè mouvman piblik yo, lè aktivite yo fèt sou pwopriyete operatè a, ki soumèt ak apwobasyon operatè a. ✓ Swiv "Konsiy pwovizwa pou travay ki baze nan biwo pandan Ijans sante piblik COVID-19" pou aktivite travay ki fèt nan biwo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pasaje yo dwe kenbe yon distans sosyal apwopriye de lòt pasaje ak anplwaye yo (pa egzanp, deplase nan kote oswa pati nan tren ki gen mwens moun nan) nan veyikil transpò piblik ak pandan tout vwayaj la (pa egzanp nan estasyon, eskalye), lè li posib. ✓ Limite / modifiye kantite espas travay ak zòn anplwaye yo chita yo, pou anplwaye yo ka omwen 6 pye separe nan tout direksyon (egzanp kot a kot ak lè youn fè fas ak lòt la). ✓ Asire dispozisyon estasyon transpò yo pèmèt pasaje yo kenbe distans sosyal ak lòt pasaje / anplwaye yo lè li posib. ✓ Aplike itilizasyon antrè / soti nan pòt dèyè nan bis yo, ki otorize eksepsyon pou moun ki gen enfimite yo. ✓ Ogmante kantite bis oswa wagon tren k ap fonksyone pou diminye pwobablite pou foul, espesyalman sou wout ki gen gwo volim trafik yo. ✓ Ranje estasyon pasaje yo (tankou, liy, zòn anbakman transpò) pou pèmèt distans sosyal ki apwopriye. ✓ Bay pasaje yo enfòmasyon nan tan reyèl (tankou nivo okipasyon machin, estasyon oswa platfòm yo, lè tren / bis / metwo yo ap rive) ✓ Ankouraje distans sosyal pasaje yo lè itilize baryè fizik, dekalke planche a, tep kolore, oswa siyal pou endike distans ki apwopriye ak anplwaye a. ✓ Kreye direksyon pou mache yon sèl sans ak baryè nan estasyon tranzit yo pou minimize posiblite pou kontak pwoch pasaje yo. ✓ Mete sistèm rezèvasyon syèj pou kontwòl demand / distribye pasaje yo nan sistèm transpò yo.
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki fè fas ak piblik yo dwe mete kouvèti vizaj kèlkeswa distans fizik yo. ✓ Anplwaye yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj ki akseptab san peye pou anplwaye a, epi prepare yon apwovizyonman kouvèti ki sifizan nan ka gen bezwen ranplasman. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki separe fizikman (pa egzanp baryè fizik, endis vizyèl tankou dekalaj planche, tep kolore, oswa siyal pou endike pasaje yo yon distans ki apwopriye de anplwaye a) dapre ensiv OSHA yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Transpò Piblik

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite transpò piblik nan tout eta a. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Transpò Piblik" pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè sèvis transpò piblik yo ak pasaje yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antite transpò piblik yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal (pa egzanp, sa yo koud lakay, sa yo koupe nan rad, foula), oswa mask chirijikal. ✓ Pasaje yo dwe mete kouvèti vizaj pandan tout vwayaj yo, ni nan veyikil transpò piblik ak espas piblik (pa egzanp, eskalye, platfòm, estasyon, meto, wagon tren, bis) kèlkeswa distans fizik, depi yo depase laj 2 an epi yo kapab tolere kouvèti sa sou plan medikal. ✓ Netwaye, ranplase epi entèdi pataj kouvèti vizaj yo. Tanpri konsilte konsiy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj ak sanitasyon. ✓ Fòme travayè yo sou fason pou yo mete, retire, netwaye (jan li aplikab) epi jete PPE yo. ✓ Limite pataj objè (pa egzanp zouti, machinri). Si anplwaye yo touche objè pataje oswa sifas yo (pa egzanp pano kontwòl, klavye) san gan, yo dwe dezenfekte oswa lave men yo apre kontak la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Rekòmande anplwaye yo itilize gan (ki adapte pou biznis oswa medikal) lè yo nan kontak ak objè pataje oswa sifas yo touche souvan yo. ✓ Asire anplwaye yo itilize gan oswa dezenfektan pou men lè y ap retire sak poubèl oswa jere epi jete fatra, epi lave oswa itilize dezenfektan pou men apre sa.
Ijyèn, Netayaj ak Dekontaminasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dekontaminasyon yo. ✓ Fè netwayaj ak dekontaminasyon regilye nan etablisman an epi netwaye ak dezenfekte espas ki gen gwo risk yo pi souvan. Netwaye epi dezenfekte etablisman sa yo chak jou, oswa mwens si yo itilize pwodui netwayaj ak dezenfektan ki pi efikas: <ul style="list-style-type: none"> • Tren, bis, ak metwo ki nan sèvis aktiv • Veyikil ki gen aksè espesyal ✓ Netwaye epi dezenfekte estasyon ak sifas ki touche anpil yo (tankou, tounikè, machin tikè, balistrad) de fwa pa jou, oswa mwens lè yo itilize pwodui netwayaj / dezenfektan ki pi efikas. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Bay epi kenbe youn oswa de estasyon ijyèn pou men nan tèminal ak estasyon yo, jan sa pratik: <ul style="list-style-type: none"> • Pou lave men: Savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete. • Pou dezenfekte men: Dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl. ✓ Ogmante vantilasyon ak lè deyò nan limit ki posib, pandan n ap kenbe pwotokòl sekirite, nan estasyon transpò yo ak machin yo. ✓ Ajiste orè yo jan li nesèsè pou pèmèt pwosedi netwayaj ak sanitasyon ki amelyore. ✓ Otorize itilizasyon pòt ki pa ka touche yo otan ke posib (pa egzanp, reoryante trafik yo vè pòt ki pa ka touche, oswa enstale—kote ki posib). ✓ Anplwaye pèsònèl pou netwaye epi dezenfekte zòn ki touche (pa egzanp, machin tikè, manch pòt) pi souvan yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



NEW
YORK
STATE

Direktiv pou Transpò Piblik

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite transpò piblik nan tout eta a. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Transpò Piblik" pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè sèvis transpò piblik yo ak pasaje yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antite transpò piblik yo epi ankòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netayaj ak Dekontaminasyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ogmante frekans pou verifye si sistèm vantilasyon an fonksyone byen. ✓ Fè netwayaj ak dekontaminasyon lè w itilize pwodui Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA), Depatman Prezèvasyon Anviwònman la (Department of Environmental Conservation, DEC) idantifye ki efikas kont COVID-19 la. ✓ Bay pwotokòl netwayaj ak dekontaminasyon pou asire kijan yo elimine atik ki itilize yo. ✓ Bay atik netwayaj ak dezenfektan pou sifas yo touche souvan yo epi ankouraje anplwaye yo itilize yo anvan / apre yo touche sifas sa yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ankouraje pasaje yo itilize opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib.
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Afiche pano nan tout plas la, ki ann akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak pasaje yo ak mwayen ki konsistan pou bay enfòmasyon resan. ✓ Itilize sit entènèt, tèks ak gwoup imel, ak kanpay rezo sosyo pou bay anplwaye, kontraktè, vizitè ak pasaje yo enfòmasyon ki genyen ladan yo, konsiy, fòmasyon, siyalizasyon ak enfòmasyon. ✓ Itilize metòd enfòmasyon prefere yo pou kominike enfòmasyon vwayaj esansyèl tankou lè arive oswa kantite moun.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete anplas evalyasyon depistaj sante chak jou (pa egzanp, kesyonè, verifikasyon tanperati) pou anplwaye (ki pa dwe obligatwa oswa nesèsè pou pasaje yo), poze keson sou (1) sentòm COVID-19 nan 14 jou ki pase yo (2) tès COVID-19 ki pozitif nan 14 dènye jou yo, ak / oswa (3) kontak pre ak ka COVID-19 ki konfime oswa yo sispèk nan 14 dènye jou yo. Yo dwe revize epi dokimante repons yo chak jou. ✓ Mete anplas kontwòl tanperati ki obligatwa pou anplwaye yo, kote li posib sou plan operasyonèl. ✓ Moun k ap fè evalyasyon sou plas yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi mete bonjan PPE, ki enkli ominimòm, bagay pou kouvri figi yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ale li konsèy DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la. ✓ Fè depistaj yo adistans (pa egzanp pa telefòn oswa pa ankèt elektwonik), pou anplwaye yo repòte sou sit la. ✓ Anpeche anplwaye yo gen kontak sere oswa kole youn ak lòt anvan fen depistaj la, si yo souplas..

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Transpò Piblik

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite transpò piblik nan tout eta a. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Transpò Piblik" pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè sèvis transpò piblik yo ak pasaje yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antite transpò piblik yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye, vizitè ak pasaje yo pou ka enfòmè yo si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la. ✓ Deziye yon kontwòlè sekirite kote responsablite yo se asire konfòmite kontini ak tout respè plan sekirite espas la. Kontwòlè sekirite a ka sipèvize konfòmite nan plizyè sit. ✓ Avize depatman sante eta ak lokal la touswit de nenpòt ka ki pozitif. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kenbe yon rejis chak moun, ki enkli travayè ak kontraktè ki ka gen kontak sere oswa rapwoche ak lòt moun nan sit oswa nan espas travay la; retire pasaje ak livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.